Pwogram Epay Pataje Medicare
Òganizasyon Swen Responsab

Travay ansanm pou ba w pi bon swen.

fè pati yon Òganizasyon Swen Responsab (Accountable Care Organization, ACO). Nou kolabore avèk lòt doktè, lopital, ansanm ak founisè swen sante pou asire w resevwa meyè swen yo.

Nou ofri swen kowòdone pou w refè epi rete byen

- Ou benefisye swen pasyan ki konsantre sou bezwen OU.
- Founisè swen sante w yo ka wè menm rezilta tès, tretman, ak preskripsyon yo.
- Plis kowòdinasyon ede evite erè medikal ansanm ak aksyon medikaman youn sou lòt.
- Ou kapab ekonomize tan, lajan, ak fristrasyon lè w evite refè tès ak repran randevou.
- Pi bon kominikasyon ka ede pwoteje kont fwod ak kont gaspiyaj Medicare.

Pwofite plis ke posib de swen ou yo grasa kominikasyon ak sipò nou

- Lè w chwazi yon founisè swen sante ki patisipe nan yon ACO, l ap ede w resevwa bon swen yo nan bon moman. Ou ka ale sou Medicare.gov epi konekte w nan kont Medicare an sekirite w (oswa kreye youn) pou w chwazi yon doktè swen jeneral.
- Medicare pwoteje konfidansyalite enfòmasyon sou sante w. Si w pa vle Medicare pataje enfòmasyon avèk founisè swen sante w pou kowòdinasyon swen, rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Medicare ka pataje enfòmasyon jeneral kanmenm pou mezire kalite founisè a.

  Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason Medicare ka itilize epi kominike enfòmasyon w yo, ale sou Medicare.gov epi chèche “privacy (vi prive).”

Ou vle plis enfòmasyon?

Mande biwo resepsyon nou an, oswa rele nou nan Ou ka ale sou Medicare.gov tou oswa rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo kapab rele 1-877-486-2048.
Pou rapòte yon enkyetid oswa depoze yon plent anrapò ak Medicare, rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227).

Pou aprann plis sou Òganizasyon Swen Responsab yo, eskane kòd QR la isi a: